

Vrè sivi nou

Pa Èldè Kevin R. Duncan

Nan Swasanndis yo

Se pou nou gen sajès pou kwè nan pwofèt ak apot vivan yo epi suiv konsèy yo.

Sezon ivè 1848 la te difisil epi chaje eprèy pou pyonye ki t ap tabli yo nan Vale Salt Lake la. Pandan ete 1847 la Brigham Young te deklare ke Sen yo te finalman rive nan destinasyon yo. Prezidan Brigham Young te di: “Sa a se vrè plas la,”¹ paske nan yon vizyon yo te montre l kote sen yo te dwe etabli a. Premye manm Legliz yo te andire gwo pèsekisyon pandan Retablisman levanjil la t ap deplwaye a. Yo te fòse yo kite kay yo, yo te pèsekite yo, epi arase yo. Yo te souffri bagay nou pa menm ka pale pandan yo t ap travèse plèn yo. Men kounyea yo te finalman rive nan “plas egzat la.”

Malgre sa, ivè 1848 la te ekstrèmman difisil. Ivè a te sitèlman frèt ke pye kèk moun te jele anpil. Yon espri malèz te kòmanse desann sou Sen yo. Kèk manm Legliz la te deklare ke yo pa t ap bati kay yo nan vale a. Yo te vle rete nan charyo yo, paske yo te sèten ke dirijan Legliz yo t ap dirije yo nan yon pi bon kote. Yo te pote grenn semans ak plant fwi, men yo pa t menm vle gaspiye yo nan plante nan tè dezè steril la. Jim Bridger, yon eksploratè byen koni, te di Brigham Young li t ap bay mil dola pou premye plan mayi ki te pouse nan vale Salt Lake la, paske li te di sa pa tap kapab fèt.²

Pou konplike sitiyasyon an, yo te fèk dekouvri lò nan Kalifòni. Kèk manm Legliz la te panse ke lavi a t ap pi senp ak plis abondans si yo te deplase ale Kalifòni ala rechèch richès ak yon pi bon klima.

Pandan tan mekontantman sa a, Brigham Young te pale avèk manm Legliz yo. Li te deklare:

“[Vale sa a] se plas Bondye chwazi pou pèp Li a.

“Yo chase nou soti nan chodyè cho tonbe nan dife, soti nan dife tonbe atè, e men nou la a e se la a n ap rete. Bondye montre m ke se isit la pou m enstale pèp li a, e se la a l pral pwospere; l ap tanpere eleman yo pou byen Sen l yo; l ap kòmande fredri ak sterilite sòl la, epi tè a ap vin pwodiktif. Frè m yo, ale, kounya, epi plante---semans nou yo.”

Anplis pwomèt benediksyon sa yo, Prezidan Young te deklare ke Vale Salt Lake la t ap vin rekonèt kòm yon gran wout nasyon yo. Wa ak anperè t ap vizite peyi a. Pi bon bagay la, yon tanp Senyè a t ap vin bati.³

Sa yo sete pwomès remakab. Anpil manm Legliz la te gen lafwa nan pwofesi Brigham Young yo, pandan ke gen lòt ki te toujou doute epi yo te pati al dèyè sa yo te panse ki t ap yon lavi miyò. Men listwa montre ke chak pwofesi Brigham Young te deklare yo te reyalize. Vale a te fleri e l te pwodwi. Sen yo te pwospere. Ivè 1848 la sete yon gwo mwayen pou Senyè a te ansenye pèp li a yon leson valab. Yo te aprann---menmjan nou tout dwe aprann nan--- ke sèl chemen pwoteksyon asire ki gen sekirite nan lavi sa a chita nan kwè ak obeyi konsèy pwofèt Bondye yo.

Sètènman, youn nan benediksyon siprèm manm yo nan Legliz sa a se benediksyon pou nou dirije pa pwofèt vivan Bondye yo. Senyè a te deklare, “Pa janm gen plis pase yon sèl moun sou tè a pou kenbe pouvwa sa a ak kle pretriz sa yo konfere sou li.”⁴ Pwofèt ak Prezidan Legliz la jodi a, Thomas S. Monson, resevwa pawòl Bondye pou tout manm Legliz la ak pou mond lan. Anplis, nou soutni konseye yo nan Premye

Prezidans lan ak manm Kowòm Douz Apot yo kòm pwofèt, vwayan ak revelatè.

Avèk pye jele ak yon tè steril, premye Sen sa yo te sètènman bezwen lafwa pou kwè nan pwofèt yo a. Sivivans yo ak lavi yo te andanje. Men Senyè a te rekonpanse obeyisans yo epi sa k te suiv pòtpawòl li yo te beni ak pwospere.

E Senyè a fè menm bagay la jodia pou oumenm avèk mwen. Mond sa a chaje ak sitèlman liv èd pèsònèl, sitèlman moun ki pwoklame tèt yo ekspè, sitèlman moun k ap fè save, edikatè, ak filozòf ki gen konsèy ak avi pou bay sou tout kalite sijè. Avèk teknoloji a jodia, enfòmasyon sou yon kantite sijè disponib nan senpleman klike sou yon bouton. Li fasil pou n pran nan pyèj ki se vire vè “bra lachè”⁵ yo pou n jwenn konsèy sou tout bagay soti nan jan pou nou elve pitit nou rive nan fason pou nou jwenn bonè. Pandan ke gen kèk enfòmasyon ki valab, antanke manm Legliz la nou gen aksè nan sous verite pi a, ki se Bondye Limenm. Li ta pi bon pou nou chèche repons pwoblèm ak kesyon nou yo nan chèche konnen Senyè a revele atravè pwofèt Li yo. Avèk menm teknoloji sa a jodi a, sou pwent dwèt nou nou gen aksè ak pawòl pwofèt yo sou prèske nenpòt sijè. Kisa Bondye ansenye nou sou maryaj ak fanmi atravè pwofèt li yo? Kisa li ansenye nou sou edikasyon ak otonomi atravè pwofèt li yo? Kisa li ansenye nou sou bonè ak akonplisman pèsònèl atravè pwofèt li yo?

Pou kèk moun, sa pwofèt yo anseye yo kapab sanble ansyen, pa popilè, oubyen menm enposib. Men Bondye se yon Bondye lòd e li te etabli yon sistèm kote nou kapab konnen volonte li. “Konsa tou, ou mèt sèten, Senyè a pap janm fè anyen san li pa fè pwofèt yo, sèvitè l yo konnen.”⁶ Nan kòmansman dispansasyon plenitud tan sa a, Senyè a te reyafime ke li t ap kominike avèk nou atravè pwofèt Li yo. Li te deklare: “Pawòl mwen yo---ap akonpli kit se avèk pwòp vwa pa m oubyen vwa sèvitè m yo, se menm bagay la.”⁷

Kwè pwofèt yo ak suiv yo plis pase yon benediksyon ak yon privilèj. Prezidan Ezra Taft Benson te deklare ke, “[pwòp] sali nou chita nan suiv pwofèt la.” Li te dekri sa li rele “Fourteen Fundamentals in Following the Prophet (Katòz prensip fondamantal nan suiv Pwofèt la).” Nan sesyon maten an, Èldè Claudio Costa nan Prezidans Swasanndis yo te si byen enstwi nou sou 14 prensip fondamantal sa yo. Paske yo gen si gwo enpòtans konsa pou sali nou, m ap repete yo ankò:

“Premye: Pwofèt la se sèl moun ki pale pou Senyè a nan tout bagay.

“Dezyèm: Pwofèt vivan an pi enpòtan pou nou pase liv kanonik yo.

“Twazyèm: Pwofèt vivan an pi enpòtan pou nou pase yon pwofèt ki mouri.

“Katriyèm: Pwofèt la pap janm dirije Legliz la nan erè.

“Senkyèm: Pwofèt la pa oblije gen yon fòmasyon oswa referans patikilye nan fason mond lan pou l pale sou nenpòt ki sijè oubyen aji nan nenpòt ki domèn nenpòt kilè.”

“Sizyèm: Pwofèt la pa gen pou l di, ‘Sa se pawòl Senyè a’ pou l gen fòs ekriti.

“Setyèm: Pwofèt la di nou sa nou bezwen konnen, se pa toujou sa nou ta renmen konnen.

“Uityèm: Pwofèt la pa gen limit rezonman lèzòm genyen.

“Nevyèm: Pwofèt la ka resevwa revelasyon sou nenpot sijè, tanporèl oswa esprityèl.

“Dizyèm: Pwofèt la gen dwa pale sou zafè sivik.

“Onzyèm: De gwoup moun ki gen pi gwo difikilte pou suiv pwofèt la yo se ògeye ki save yo ak ògeye ki rich yo.

“Douzyèm: Pwofèt la pa p nesesèman popilè nan je mond lan ak pou moun mond lan. . .

“Trèzyèm: Pwofèt la ak konseye l yo fòme Premyè Prezidans lan--- pi gwo kowòm nan Legliz la.

“Katòzyèm: Suiv---pwofèt vivan an ak Premyè Prezidans lan---epi n ap beni; rejte yo epi n ap souffri.”

Frè ak sè m yo, menmjan ak Sen yo an 1848 la, nou kapab chwazi pou suiv pwofèt la, oubyen nou ka vire vè bra lachè yo. Se pou nou gen sajès pou nou kwè epi suiv konsèy pwofèt ak apot vivan yo. M se yon temwen bonte yo e mwen temwaye ke yo aple pa Bondye. Mwen temwanye tou ke pa gen pi bon lòt fason pou nou apwoche lavi a, jwenn repons pwoblèm nou yo, jwenn lapè ak bonè nan mond sa a, epi pwoteje pwòp sali nou pase nan obeyi pawòl yo. Mwen rann temwanyaj sa a nan non sakre Senyè a, Jezikri, amèn.

Nòt

1. Brigham Young, as quoted by Wilford Woodruff, in *The Utah Pioneers* (1880), 23.
2. Gade Bryant S. Hinckley, *The Faith of Our Pioneer Fathers* (1956), 9–15; see also Gordon B. Hinckley, “Remarks at Pioneer Day Commemoration Concert,” *Ensign*, Oct. 2001, 70–72.
3. Gade Hinckley, *The Faith of Our Pioneer Fathers*, 11–12; see also *Ensign*, Oct. 2001, 71.
4. Doktrin ak Alyans 132:7.
5. Doktrin ak Alyans 1:19.
6. Amòs 3:7.
7. Doktrin ak Alyans 1:38.
8. Ezra Taft Benson, “Fourteen Fundamentals in Following the Prophet,” in *1980 Devotional Speeches of the Year* (1981), 29–30.